Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

***ЦIадаса ХIАМЗАТ:***
***«Мискинзаби гуккун, кодобе щвараб Шагьи-параялъухъ дун урхъуларо»***





**4/2022**
**июль - август**


1932-2016
Народный поэт Дагестана,
прозаик и публицист.
Выдающийся
общественный деятель.
Кавалер ордена
Святого апостола
Андрея Первозванного.





# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературияблгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана
1952 соналда
Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**4**

**2022**

**июль - август**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургъалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Номералда руго:


**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

Ролъул хур кванарал ганщал жалго тун…..........................................................…3

**ЦIАДАСА ХIАМЗАТИЦА 145 СОН ТIУБАЯЛДЕ**

**ЦIадаса ХIамзат.** Босе адаб – дурго ярагъ, адаб цIуне – дурго гьалмагъ…..........5

**ВАТIАНГИ ХИСИЧIО, ХАЛКЪГИ БИЧИЧIО**

**МухIамад АхIмадов.** Иццул чили дида кинан кIоченеб, чияр гуреб, рахьдал мацIалъ кIалъалеб…...........................................................................................................9

**ЦIАДАКЬА БАХЧУЛЕБ ДИР ЧАНИЛ БУРУТI**

**МухIамад МухIамадов.** ГIумруялде хIасрат цIикIкIарав хъвадарухъан.......…44

**ДУН ВУКIАНА МОЛОДУХЪАН ТIАДЕ ВАХУНЕВ...**

**ГIабдуразакъ Хочбаров**. Гипносил мутагIил…..................................................…53

**КЪВАКIАРАЛ КЬУРУЛ ПАРСАХЪ ТIУГЬДУЛ ТIЕГЬАН РУКIАНА**

**Шагьри ХIажилова.** Гъазават…................................................................................…84



*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №4 2022 г.**
*июль - август*
*На аварском языке*

Выход в свет 6. 07. .2022 г.
Тираж 685 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 1250 Цена свободная.

***Редакция и издатель:** Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:** 367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## РОЛЪУЛ ХУР КВАНАРАЛ ГАНЩАЛ ЖАЛГО ТУН...

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! Нилъер халкъалъул рухIияб, адабияб гIумруялъулъ халкъалъе кIвар бугел лъугьа-бахъинал камичIо ахирал моцIазда жанирги. Исана Россиялда кIодо гьабулеб буго Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъ 90 сон тIубай. Россиялъул Федерациялъул Советалъул нухмалъулей Валентина Матвиенкоги ячIун, Фазу ГIалиевалъ гIумру гьабураб минаялъул къеда гьелъул хIакъалъулъ хъвараб къоно регъана 11 июлалда. КIудияб тадбир гьабуна МахIачхъалаялда ГIурус театралдаги. Гьениб рагIа-ракьанде щвараб кIалъай гьабуна Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас.

27-абилеб июлалда Дагъистаналъул ХIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов щвана ЦIадаса ХIамзатил ва Расул ХIамзатовасул ватIаналде, ЦIада росулъе. Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялде тIасияб соналда Россиялда ва улка бахун къватIир тадбирал тIоритIизе руго. ЦIада бугеб «ХъахIал къункъраби» памятник, музей ва цоги бакIал къачIазе руго. Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас Россиялъул президент Владимир Путин ахIун вуго 2023 соналда Дагъистаналде, Расул ХIамзатовасул нусго сон кIодо гьабизе.

Гьединго исана июлалъул байбихьуда Владикавказалда биччараб Россиялъул литератураялъул антологиялъул презентация тIобитIана. Гьелда гьорлъ руго МухIамад АхIмадовасул ва гьал мухъазул авторасул асаралги. МагIарулазул шагIир, майор, прозаик, кочIохъан ГIали-хIажи МухIамадовгун гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна. Гьеб ккола «ХIаригабурлъухъ» абураб тарихияб къисаялъул иргадулаб презентация. Гьеб къисаялъул презентациял церехун тIоритIун рукIана МахIачхъалаялда, Москваялда, ГIарабазул Цолъарал Эмиратазда ва цоги бакIазда.

Исанасел юбилеязда гьоркьор руго «Авариялъул бищун бегIераб гIакълу» абун Николай Тихоновас цIар кьурав ЦIадаса ХIамзатица 145 сон т1убай ва Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалъул авар секциялъул нухмалъулевлъун ва «Гъудуллъи» журналалъул редакторлъун гIемерал соназ хIалтIарав, гьунар тIокIав шагIир, хъвадарухъан ва публицист МухIамад ПатахIовасул 60 сон тIубай.

ЦIадаса ХIамзат вукIана, кIудияв гIалим ва адабияталъул классик гуревги, бахIарчияв чиги. Шамил имамасда бугьтанал лъолел захIматал соназда гьес хъвана имамасе мустахIикъаб ва тIадегIанаб къимат кьураб «Шамил» поэма ва цоги асарал.

МухIамад ПатахIовасул гIакъилаб каламги, гьимиги, чIор гIадаб рагIиги, бечедаб авар мацIги, бацIцIадаб гIамалги лъаларев чи ватиларо магIарулазда

гьоркьов. Гьесул цIарги «мугIрул ругебгIан мехалъ, мугIрузда кIоченаро», нилъер халкъалдаги кIоченаро.

Гьединго исана 225 сон сверана Шамил имам гьавуралдаса. Гьеб лъугьа-бахъиналда сверухъги тадбирал гьаруна ва гьарулел руго Северияб Кавказалда.

Литература гуро ахIи-хIуралъул ва тIадагьал ишазул свери. Унго-унгояб литература буго даимлъиялъул нур бараб, халкъ борчIизабулеб, цIунулеб, мацIги, гIамалги, кинабго миллиябщинабги жанибе бачараб, такрарлъи гьечIеб, гIасрабаз хутIулеб хазина.

Дагъистаналъул гIаламатлъун ва гьумерлъун кколев кIудияв Расул ХIамзатовас кьучI лъураб «Гъудуллъи» журналалъ 70 сон тIубала исана.

Ролъул хур кванарал ганщал жалго тун,

Гугьунбачал руго, рачун жанир гъун, –

абун хъвана ЦIадаса ХIамзатица. ГIумруялъе гьединаб хIакъаб къимат кьезе кIолев, бергьун бечедаб магIарул мацIалъул, гъваридаб маг1наялъул, унго-унголъунги халкъияллъун, киназулго ракIазулъе унеллъун асарал лъугьарав шаг1ир ккола ЦIадаса ХIамзат.

Нилъер борч буго гьединаб кIудияб, тIадегIанаб, дунялго мукIур гьабураб адабият ва гьеб адабият жаниб гIураб магIарул халкъ цIуни, цебетIезаби, умумул намусаб иш биччангутIи. Аллагьас киназего тавпикъ кьеги битIараб битIараблъун ва тIекъаб тIекъаблъун бихьизе.





## «ГIУМРУЯЛЪУЛ ДАРСАЛ» ПОЭМАЯЛДАСА

**Щибаб жо гIемерлъанагIан
ГIадат буго учузлъулеб,
ГIажаиблъи, адаб кинаб,
ГIемерлъидал хиралъулеб?
ГIадан ракьа-гьаналъ гуро
Панзидаса ватIалъулев,
ЛъикIаб-квешалда гIуж балеб
ГIакълу-тадбир къваригIуна.
Эбел-инсул адаб цIуне,
ЩIикIкIарасул хъатир гьабе,
Хъизан-лъимал, тарбия кьун,
Тадбиралда ругьун гьаре.
Мадугьалихъ гьуин вукIа,
Гьалбадерилъ недегь вукIа,
Мискин-пакъир рази гьаве,
Язихъасда гурхIел гьабе.
ГIагаразулъ тамах вукIа,
ГIадангун мун хIерен вукIа,
ХIажатасе кумек гьабе,
Квачакъазул хIурмат гьабе.
Рекъал, беццал, загIипазде
Зияратал гIемер гьаре,
Заманаялъ мугъ рехарал
Харабазда гурхIел гьабе.
Мунагьалда ракI бухIарал
ХIелмуялда жанир раче,
ХIалуцараб ццинги къулчIун,
Къураздаса тIаса лъугьа.
Дургун ракI сукIарав гьалмагъ,
Салам кьун, нечезе гьаве,
Ццин бахъун, дулъ ригъаразда
Гъоркье-тIаде ваккун, кIалъай.
Дурго рагIи битIухъ гьабун,
ГIадамалгун къацандуге,
Бергьарав чи къураб рагъде
Къоно ричIизе лъугьунге.
РетIунеб ратIлидаса дур
ТIабигIат берцинаб букIа,
Бицунеб рагIиялдаса
Гьабулеб жо лъикIаб букIа.
Живго гIодовгIан гьавурав
ГIадамаз кIодо гьавула,
Гьумер битIун кIалъалезде
Кинавго чи мутIигIлъула.
ГьитIинал кIодо гьарулев
КIудиязеги вокьула,**

**Гьесул хIурмат гьабулаго,**
**ГьитIиналги гIун рачIуна.**
**Адаб буго гIадамасул**
**ГIумру берцин гьабулеб жо,**
**Живго вахчун вукIаниги,**
**Халкъалда гьев вихьулеб жо.**
**Хазина дур гьелъулъ букIа,**
**Бикъиялда хIинкъи гьечIеб,**
**БикъанагIан гIемерлъулеб,**
**ЛъунагIан бакI гIатIилъулеб.**
**Босе адаб – дурго ярагъ,**
**Адаб цIуне – дурго гьалмагъ,**
**Мех баниги, херлъулареб,**
**Мун хваниги, кIочонареб.**

## «КIОДОЛАСУЛ РИГЬИН» ПЬЕСАЯЛДАСА

**МагIу ххун хинкI кванаялдаса ракъунго лъикIила.**
**Пашманлъиялдаса хадуб рохелги бачIунила.**
**Къварилъиялда хадуб гIатIилъиги камуларила.**
**РагIал гьечIеб байдан букIунарила.**

**КигIан щущан баниги, цIадал лъим цо рахънибе кколила.**
**ХIамида охцер квине щиб лъалебила.**
**Йиччан тун хадуб гурони лъаларила лъадул къимат.**
**Беццаб даран беццараб гьечIила.**

**Жидейго берзуй гIурав чи руччабазда хехго лъалевила.**
**Релълъаразе рекъарабила.**
**Цо-цоязе гьаб дунял нухтIа бараб тIех бугила.**
**Киб гъугъаниги, Гъуниб магIардейила.**

**Риидал борохь бихьарав хасало гIарщикьа хIинкъулевила.**
**ЦIа босизе арай гьолокьей росасе арайила.**
**БетIергьанасул чехь унтичIого, чияр мугъ унтуларебила.**
**Магъил ургъел гьабулагойила хIанчIил бох тIеренлъараб.**

**Беццавлъун жаниве лъугьайила, гIинкъавлъун къватIив вахъайила.**
**РагIанищ? - РагIичIила. Бихьанищ? - БихьичIила.**
**Балагь бачIараб гуребги, бачарабги букIунила.**
**Бихъарас букъулила къохьол зоб.**

**БахIарайгIан кIалъагейила, кIал ккурабгIан кванагейила.**
**Цоял рихчиIого, цоял руцIцIуларила.**
**Гьари рекъарабила, бикъи сурарабила.**
**РетIине камугегийила, квине тIагIунгегийила.**

**Гьаб басрияб, нусго цIиябила.**
**Рохьдохъанасул чакмаял кидаго басриял рукIунила.**
**Руччабазул магIу баккарабго гIадин хехгоги бакъвалила.**
**Малъараб гьабейила, гьикъараб бицейила.**

## «МИРЗА ВА РОЗА» ПЬЕСАЯЛДАСА

**БачIинахъего лълъар кквечIони, лъутун унаго рачIчI**
**кквезе кIоларила.**
**ГIор щун букIаго цIул бахъейила.**
**БетIер мокърокь тункичIесул лага тункулеб бакI гIемерлъулила.**
**Бугес лъолеб, гьечIес босулеб бакI камун хутIуларила.**
**КIулал гIемераб гъамсил бетIергьабиги гIемерал рукIунила.**
**Щивав чи жиндирго яхIалъул бетIергьан вукIунила.**
**Мохмохалда хьул лъурав хьалбал щвечIого хутIулила.**
**БетIергьан хвараб бакIалда хвезабизе бегьулареб боцIи букIунарила.**
**БачIараб бакI лъалареб араб бакI лъачIого унила.**
**РагIи бадибейила, тIил мугъзадайила.**

## КЪАРУМИЛ НАСЛУ- ТУХУМ

**Халкъалъе къимат хвараб**
**Къарумил наслу-тухум:**
**ХинкIазда гIужал ралел,**
**ГIатIада хIуччал хъвалел,**
**ГIонкIкIодаса цIунизе**
**Панкъида сабаб балел,**
**Къараб квер рагьуларел,**
**Пудалъ капек цIаларел,**
**Цаби рикIизе гIучIги**
**ГIадамазе кьоларел;**
**Царгъида печать чIварал,**
**Чвантида кIулал рарал,**
**Жаниб хъат борлъаниги,**
**КъватIиб жо баккуларел;**
**БогIода нацI рекIарал,**
**ГIарцуда кьаву чIварал,**
**«Кьеян» гурони жеги**
**«Маян» абизе лъачIел;**
**Бугеб гьан-нахги бахчун,**
**ЧIобогояб чед кунел,**
**ЧIалда мохмохалги ран,**
**ХинкIазде цIам хIурулел;**
**ГIанкIуялъ босараб мугь**
**МоцIица кIочонарел,**
**Жаниб бачIараб кету**
**РечIчIулаго хъамулел;**
**ВачIарав гьоболасда**
**Гьумер букIкIун кIалъалел,**
**Гьес рекIун бачIараб чу**
**КIалдиса бичIуларел;**
**Гьан къотIулеб носоца**
**Цадахъ кверги къотIулел,**
**КъватIиб реххараб ракьа**
**Хадур роргун босулел;**
**РагьтIа гьвел хIапи чIвани,**
**ХIанчIулеб хинкI бахчулел,**
**ХIатIил гьаракь бахъани,**
**Хъаба цIадай чIехьолел;**
**Лолил къетIа рештIине**
**Къадако биччаларел,**
**Къадал магIида чIчIараб**
**Милъирщо бачахъулел!**
**Вай, эбел, Шагьвалил вас**
**Дие цIакъ вокьуларо,**
**Кьурса гIодове рехе,**
**Дун гьесие инаро.**

## «ШАМИЛ» ПОЭМАЯЛДАСА

**…Гьанже, ХIамзат чIван хадуб,**
**ЛъагIел данде щвелалде,**
**Дагъистаналъул шарип**
**Шамил имамлъун тола.**

**Шамилица жиндирго**
**Аслияб мурадалда**
**Дагъистаналъул агьлу**
**Эркенлъиялде цIала.**

**…ВатIан эркен гьабизе**
**Кинабго рес рехула,**
**Мискин халкъалъе гIоло**
**Хвалчен къватIиб бахъула.**

**Ханлъи-лагълъиялдалъун**
**ЛъалкIахараб Дагъистан**
**Дугъ битIизе гьабизе**
**БетIералде босула.**





**МухӀамад АХӀМАДОВ**

## АХӀУД РАХЪАРАЛ КУЧӀДУЛ

* * *

**ВатӀанги хисичӀо, халкъги бичичӀо,**
**ХӀинкъиялъ сири бан, квердеги инчӀо.**
**Рахьдал мацӀалъ кьуна воржине куркьбал,**
**КьилимагӀарда тӀад тӀавапги гьабун,**
**Дун валагьун вуго Гьонода росулъ,**
**Гьениб кинидахъкечӀ ахӀана дие.**
**АхӀмадил МухӀамад, кив вукӀаниги,**
**Кидаго хутӀана гьонодисевлъун.**

*2021.*

* * *

**Дуй баркала кьезе бокьула, гӀумру,**
**ГӀурччинаб гӀурдаде гӀазу барабго,**
**ГӀазабаз рагьдухъе нух бахъарабго,**
**ХъахӀилъарал соназул чапар щваравго.**

**Дуй баркала кьезе бокьула, гӀумру,**
**ГӀорхъоде щолелъул щинкӀулеб бакъул.**
**Щибаб лахӀзаталъул гьуинаб маргьу,**
**Гьунар кьун, херлъиялъ бикьулеб мехалъ.**

**Дуй баркала кьезе бокьула, гӀумру,**
**ГӀалам бижарасде гӀагарлъанагӀан…**
**ГӀагараб дир росулъ - Гьонода тела**
**Гьоболасул рукъги, рукъалъул кӀулги.**

*2021.*

* * *

**Палестинаялъул авлахъалда дун,**
**Аллагьасде вуссун, гьарделев вуго:**
**– Гьардарав БетIергьан, ритIухълъиялъе**
**БетIер къулун бугеб гьаб миллат цIуне!**

**Дихъ гIенеккун буго Аль-Акса мажгит,**
**ЖугьутIаз как базе гьукъулеб бугеб,**
**Гьикъулеб буго гьеб:» Бице, дир Аллагь,**
**Палестина кида эркенлъилеб?» -ин.**

**Каранде къан лъимал, кодор байрахъал,**
**РачIуна, цолъула гьанир руччаби.**
**РагIула ахIулеб: – Къисас, къисасин!**
**Дир рекIелъ багъула: – Къисмат, къисматин.**

**Къасигун къад руго дилъ чIаголъулел**
**ЧIвалеб Палестина, паналъулеб халкъ.**

*2021.*

* * *

**«ПалхIасил, дир гьудул, палихъаналда**
**Ва пачалихъалда дун божуларо», –**
**Гьединан кIалъалев вуго херав чи,**
**Хвараб къоялъ базе мусруцин гьечIев.**

**Дунги божуларо пачалихъалда,**
**Лал тIамулеб бугеб тIолго халкъазда,**
**ХъахIаб чIимих гьечIо гьелъул ганчIазулъ,**
**ЧIегIераб кьер бугел кьун руго ганчIал.**

*2021.*

## ГАРА-ЧІВАРИ

**– ГIумру - гIумру гуро, мун гьечIонани,**
**МугIрул - мугIрул гуро, мун гьечIонани.**

**…Мун кив вукIараван гьикъана дуца**
**Рокъове дун кватIун вачIараб мехалъ.**
**Ана дун кьижизе, мунги жийго тун,**
**ЖужахIалъул цIаялъ рокьиги бухIун.**

**Ана гIемер сонал… Ана дир гIумру,**
**ГIенеккун чIун руго ракIалдещвеял.**
**Щолеб буго хасел, хисана ватIан,**
**БатIияб нухдасан ана дир къисмат.**

**Жегиги рагьухье бихьула нуцIа,**
**ЦIар дир ахIулаго хIинкъадго къалеб.**
**Къоло цоабилеб векалъул цололъ**
**ЦохIо мун йихьула: – Кив кватIаравин?**

**ТIеренлъун бихьула дур гъалазул лъар,**
**ЛъугIана цебего гъуждузул гъаргъар**
**Гъаримлъиялъ кверде босараб рекIелъ**
**КIалъала дур суал: – Кив вукIаравин?**

**Дидаго лъаларо, дун кив вукIарав,**
**КIоларо бичIчIизе, дун кив кватIарав,**
**ВатIанги биххараб, улкаги хвараб**
**Мехалда вуссана дихъего дунго.**

**Мунги херлъун йиго, дунги херлъана,**
**Хвана дир рокьиги, чIвана гIищкъуги.**
**ЧIагIа гьекъоларо, мунагьал тана,**
**Мун йиго гьикъулей – кив вукIаравин.**

**…ГIумру - гIумру буго гIолохъанлъуда,**
**ГIумру - гIумру гуро, херлъи бачIиндал.**

*2021.*

*** * ***

**Нилъер махил рохьоб,**
**Рогьалил гIужалъ,**
**ГIурччинал тIамхаца**
**ТIамила бакъан.**
**Бакъул чIорал росун,**
**Росуги гвангъун,**
**ГъутIбуца бицина**
**Берцинаб маргъу.**

**Гьениб гIолохъанлъи**
**ЧIаго гьабизе,**
**Гьале ихгун цадахъ**
**Щун руго хIанчIи.**

**«ЧIи-чIи, чIи-чIи» – йилан,**
**Нилъер балъголъи гьез**
**Буго гьурщулеб,**
**Гьороца рикIкIаде буго босулеб.**

**Гьенир нилъ гIодила**
**ГIумру анилан,**
**ГIумруялъ абила**
**Рокьи анилан.**
**Ракьалда гьелдаса**
**ТалихI къараб мех,**
**КигIан балагьунги,**
**Батулеб гьечIо.**

**Нилъер махил рохьор**
**МаркIачIул гIужалъ,**
**ГIужие гъун руго**
**РакIалдещвеял:**

**РакIалда мун йиго,**
**РекIелъ хвел буго,**
**Хвел гьечIолъиялъул**
**КечI хутIун буго.**

*2021.*

* * *

**АхIана булбулалъ кечI**
**«ГьечIо, гьечIо, гьечIо» -ян.**
**ГьечIеб щибан гьикъидал,**
**Абуна: талихIилан.**
**Мукъулукъ бакъвазегIан,**
**Буго гьаб гаргадулеб:**
**«Дуе бокьараб щибин,**
**ШигIрабазул гьудулан»**

**Дица гьикъулеб буго:**
**Йокьулей щай кьечIейин,**
**Гьелъие ахIизесел**
**КучIдул каранда хванин.**

**Хехго кIалъала булбул:**
**Бугин гьелъулги магIна,**
**МагIарухъ хутIарай гьей**
**ТIокIай дуда ятичIин.**

**АхIула булбулалъ кечI:**
**«Буго, буго, буго» -йин.**
**Бугеб щибаб гьикъидал,**
**ШигIру бугин абула:**
**Гьелъий гIумруги кьунин,**
**Гьелъий рокьиги кьунин,**
**Йокьулелъе ахIичIеб**
**Гьелъул пайдаги гьечIин.**

*2021.*

* * *

**Мун тIаса лъугьа, Аллагь,**
**Аллагь лъачIел соназда,**
**Сундаго божичIого,**
**Бижараб шигIруялда.**
**Щибаб къойил гьекъараб**
**Гьукъараб чагъиралда,**
**Чаргъедуялъул гIадал,**
**Чарчарал дол бакъназда.**

**Мун тIаса лъугьа, Аллагь,**
**Балагьалъул нухазда,**
**Бегьулареб щиналъул**
**Гьабураб гьунаралда,**
**Гьонодаса аравго,**
**Рехун тарал каказда,**
**Каранда магIарул ракI**
**Хисараб улкаялда.**

**ТIаса лъугьа, БетIергьан,**
**БатIияб квешлъиялда,**
**ЛъикIлъийилан гьебги тун,**
**Араб дир гIумруялда.**
**Дида гIайиб букIана,**
**БакIаб гьирлъун лъугьараб**
**Гьеб тIаса рехарабго,**
**Херлъиялъ къуват ана.**

**Амма дица, БетIергьан,**
**Гьарулеб буго Дуда:**
**Дир мунагь хъвазе тоге**
**Дир магIарул халкъалда.**
**Халатаб нух къокълъана,**
**Къоял лъугIулел руго:**
**МагIарул халкъги цIуне,**
**МагIарул мацIги цIуне!**

* * *

**Дир ракI гIодулеб буго,**
**ГIиссинккун, сардаз-къояз,**
**Къваридаб векалъ буго**
**Бекулеб кочIол бетIер.**
**«БетIергьанин» ахIула,**
**АхIи дир рагIуларо,**
**РагIаби хисун руго,**
**Хун гьезул магIна буго.**

**МагIарухъа ун буго**
**МагIарулазул гьаракь,**
**Рокьул тIохда МахIмудил**
**ТIамур гIодулеб гьечIо,**

**ГIодулеб буго дир ракI,**
**РакIалдещвеяз цIунун,**
**ЦIияб заманаялъул**
**Заназе дугIа гьабун.**

**ГIодулеб буго дир ракI,**
**ГIадамал ратичIого,**
**ЧIорого хутIун ругел**
**Хириял мугIрул рихьун.**
**Хьул букIана гьез дие**
**Даимаб гIумру кьелин,**
**ГIумру гьечIеб ватIаналъ**
**БитIуларо дихъе квер.**

*2021.*

* * *

**Эбелги эменги чIаго рукIаго,**
**РакI къварилъулев чи – гьев гIабдал вуго.**
**ГIайибал гIемераб дир гIумруялда**
**ГIайибцин букIинчIо, гьел аскIор рукIун.**
**Гьанже эмен гьечIо, эбелги ана,**
**Анив хутIун вуго бестIал лъимерлъун…**
**Гьезда цере ккарал дир гIайибазул**
**МагIарде вахунев вуго пашманго.**

*2021.*

* * *

**ШигIрабазул хIужра рукъ**
**ХIурупазул цIун буго,**
**ХIурулгIинзаби гIадин,**
**ХIеренго роржанхъулел.**

**ХIунсулеб буго рекIелъ**
**НекIсияб цо ритIухъльи:**
**БетIергьанасе дугIа**
**РагIабаца гьабулин.**

*2021.*

## РОКЬУЛ ТIЕГЬ

**МагIу тIун гIодулеб гIазуги буго,**
**ГIазул магIилъ тIегьан дерецги буго…**
**Дицаги дуцаги бицараб рагIи**
**РагIулеб хIал гьечIо рокьул иххалъул.**

**Берцинлъи борцунел беразул тIелхал**
**ТIад магIуги рещтIун, бакIлъулел руго.**
**РекIелъ бакI батичIеб гьаб нилъер рокьи**
**Ракьалда хутIила бесдал лъимерлъун.**

**ЦIорон холеб дерец, бакъуда къочун,**
**КъватIибе борчIулеб буго гIазукьа.**
**ГIузраби гIемераб гIумрудул нухда**
**Холеб буго рокьи, гIумрудуй гIоло.**

**Дица хъахIаб бетIер къулулеб буго,**
**ХъахIаб дерец, дуе баркалаги кьун.**
**Кинабго магIуги магIарухъе тIун,**
**МагIарухъги хутIун холеб рокьул тIегь.**

**2021.**

## ХЪАХIАБ ПАРУС

**ХъахIаб парус буго**
**Ралъдалъ тIерхьунеб**
**ГьечIин Лермонтовин,**
**Лебаллъи хванин.**
**Дунялалъул рокъоб**
**ШагIирасул бакI**
**РакIазулъа нахъе**
**ХъвагIалеб бугин.**

**Нухда ратанщинал**
**Нухлулал гурин**
**ГанчIил нухаздасан**
**Рахине лъачIел.**
**Аллагьасул зобал**
**ТIаде къулидал,**
**Къудратаб балъголъи**
**Босизе кIвечIел.**

**ЦIваби, мацIги кIочон,**
**ЦIорон рихьула,**
**Хьул лъугIараб гIумру**
**ГIунулеб буго.**
**ГIекколел пикрабаз**
**Каранда лъурал,**
**ЛъугIуларел ругънал**
**Руго унтулел.**

**Дун хъахIаб парусалъ**
**Хвасар гьавула,**
**Гьеб гIадалаб дунял**
**Данде багъидал.**
**Гъаримго баккараб**
**Шагьри-моцIалъ дий,**
**ШагIир Лермонтов, дур**
**Сурат бахъула.**

*2021.*

## ГIОРЦIАРАЛ

**ГIорцIарал гIемерлъана**
**ГIумру мискин гьабизе.**
**Мусруги горбода бан,**
**Бихьула хьвадулеб халкъ.**

**ГIорцIарал гIадаллъана**
**ГIадлу гьечIеб ракьалда,**
**Рокьул тIугьдул ракъвараб**
**Бакъараб улкаялда.**

ГIорцIаразул цIун буго
ЦIунизе лъачIеб ватIан,
ГIорцIанагIан ракъараз
Бикъулеб буго улка.

ГIорцIарал, щвараб гIорлъун,
ГIумруялъулъ хъудула,
Хъуй гьезул лъугIуларо,
ГIакъуба къотIуларо.

ГIорцIарал хъурмал руго
Хъулухъал ралагьулел,
Ругьунго рахуна гьел
Тахидаса тахиде.

ГIорцIаразул цIаразе
ЦIурмал рухулел руго,
Рахчун бажаруларо
Божи гьечIел гьездаса.

ГIорцIараз, гIинги кьурун,
Кьурун бахьана ватIан,
ВатIанги бичун щвараб
ЩайтIанлъи буго гьезул.

*2021.*

## ТЕГЕРАНАЛЪУЛ РОЗАБИ

ХутIана дур розаби
Разиго дихъ ралагьун,
Гьел кIочон тогейилан,
Тегеран, мун кIалъана.

Розаби рогьалида
Роржана, хIанчIи гIадин,
ХIикматаб берцинлъидул
Бицунеб кечIги ахIун.

Розабиги рокьиги
Ракьалда данде ккола,
Кьер берцинал тIугьдуца
ТIегьараб талихI кьола.

Амма гьел цIакъ рекъола
Тегераналъул къотIнор,
КъватIире раккун гордухъ
Ясал ругел лахIзатаз.

Розабаз рокьиялда
Рогьо базе толаро,
Рокьул кучIдул кинигин,
Дунялгун гаргадула.

Розабаз рорчIами кьун,
БачIунеб буго рогьел,
Ро
ртанхъула розаби
Рокьул гьаракь чIварабго.

Кьуна дий Тегераналъ
Гор, розабаз гьабураб,
Гьебги рекIеда тIад лъун,
ВатIаналде вуссана.

Розабаца роргизе
ТечIо рекIел анищал…
Щола даим ракIалде
Дур розаби, Тегеран!

*2021.*

* * *

АваргIор магIарухъа
ГIатIиракьалде уна,
ГIасрабаз кIочон течIеб
МагIарул кечIги босун,

Каспиялда къвал байдал,
КьотIула гьелъул бакъан,
КъатIралъун лъугIула гьеб
Гьалдолеб бугеб ралъдалъ.

**Огь, дир магIарул миллат,**
**Мунги, Авар гIор гIадин,**
**ГIедегIун буго жакъа**
**МагIарухълъи тун ине.**

**Духъ балагьун чIун буго**
**Халкъазул ралъад – шагьар,**
**Гьениб, къатIра гIадинан,**
**ТIагIун унеб буго мун.**

*2021.*

* * *

**КIиго рекIеда гьоркьоб**
**Рокьул тIегь тIегьан буго,**
**ТIогьол талихIаб гьими**
**Гьунаралъе кьун буго.**

**КIиго рекIеда гьоркьоб**
**Рокьул ицц баккун буго,**
**Иццул бацIцIадаб кунчIи**
**КочIолъ рещтIунеб буго.**

**КIиго рекIел цо кIутIи -**
**Цо рокьул гьаракь буго.**
**Рокьул тIегь рокьул иццул**
**ТIагIам босулеб буго.**

**ТIогьол хIикматаб кьерги,**
**Иццул хIайранаб нурги**
**КIиго рекIеда гьоркьоб**
**Рокьул кечIлъун лъугьана.**

*2021.*

* * *

**Цевегосев дир гьудул**
**Дон Кихот, кив вугев мун? –**
**Мун гьечIеблъун лъугьана**
**ЛъикIлъи лъугIараб дунял.**

**Дир къваридав Къирал Лир,**
**Къарну дуда релълъана,**
**Лъималаз гIакъуба кьун,**
**ГIумру хвезе гьабулеб.**

**Нуж ракIалде щваралго**
**РещтIуна бадиб магIу:**
**–  МагIарухълъиги буго**
**Гьанже нужеда релълъун.**

*2021.*

* * *

**Палестинаялде тIадвуссине те,**
**ТIогьилаб салуда къвал бан кьижизе.**
**Къваридаб ракьалъул гьаракь рагIизе,**
**МагIу гьурщулаго шигIру бижизе.**

**Йерусалималъул ганчIилал къватIаз**
**Къарнаби рихьула данде ракIарун,**
**РекIелъ ругънал лъолеб рагъ буго гьаниб,**
**Рагъда чIвалел руго гIиссинал лъимал.**

**Гьаниб руччабазул бахIарчилъиялъ**
**Бихьиназе мисал бихьизабула,**
**ХIеренал кверазул заралги гьарун,**
**Гьел ватIан цIунизе цIадулъе уна.**

**Аль-Аксаялда как базе теларин,**
**Тушбабаца буго мажгит сверун ккун.**
**МигIражалде арав аварагасул**
**Буракъ буго гьелда тIад боржанхъулеб.**

**Палестинаялде тIадвуссине те,**
**ТIадегIанав Аллагь, Дуе как базе.**
**Каранда хутIана гьаб хирияб ракь,**
**Ракьалда рагIула халкъалъул унти.**

**Холел лъималазухъ кин валагьилев,**
**ЧIвалел херал чагIи кинан цIунилел?**
**Палестинаялде тIадвуссане те,**
**ТIаса босе, Аллагь, Дуца гьаб балагь.**

**Дие бокьилаан, хванани, хвезе**
**Палестинаялда гъазаваталда…**
**Палестинаялде тIадвуссине те,**
**ТIогьилаб салуда къвал бан гIодизе.**

*2021.*

* * *

**РакIал тIугьдуллъун ругел**
**Руго гIемер гIадамал,**
**ГIадада гуро гьезул**
**Гьурмал гвангъарал ругел.**
**ГъастIа бакараб цIалъун**
**Лъугьуна лъикIал чагIи,**
**ГIадамазе хинлъи кьун,**
**ГIумру гьабулел ругел.**

**РакIал зазаллъун ругел**
**Руго цо-цо гIадамал,**
**ГIадада гIадамазе**
**ГIазаб кьолел рукIунел.**

**ГIадамал – тIугьдул руго,**
**Дунял берцин гьабулел,**
**ГIадамал цIаял руго**
**Хинлъи ракьалда кьолел.**
**ГIадамал – зазал руго**
**Заманагун хIенсолел…**
**…Дий рокьула гIадамал,**
**ГIадамал гIадин ругел.**

*2021.*

## ТIУГЬДУЛ

**Дие рокьула нуж, кьер-кьерал тIугьдул,**
**Ракьалъул бераллъун дихъ ралагьарал.**
**Аллагьасул хIикмат кунчIизе гьабун,**
**Дир кочIолъ кидаго нужер нур чIола.**

**Нуж руго рогьалилъ, рагьун кIутIбигун,**
**Ругьунаб хIалалда, щубги тIад рещтIун.**

**ШигIруялъе рагIи бищулеб мехалъ**
**Бищун цебе щола нужер берцинлъи.**

**Дида ракь бихьула чIагояб зоблъун,**
**Зодор цIваби гIадин рукIуна тIугьдул.**
**РекIелъ бакула гьез хIикматалъул цIа,**
**ЩIар дир ахIулаго, гьимула даим.**

**Амма кидаго дир рекIелъ рукIуна**
**РикIкIада магIарухъ ганчIазда тIугьдул.**
**ТIезе квер хIинкъула гьезухъ балагьун,**
**Гьунар буго гьезул сверухъ кенчIолеб.**

**Щибаб тIогьол буго тIегьараб гьунар,**
**Щибаб тIегь бихьула шагIирлъун лъугьун,**
**Гьез ахIулел руго хIайранал кучIдул**
**Дуниял чIухIараб тIогьол мацIалда.**

## ЭЛЕГИЯ

**Росдал махил рохьоб щибаб гьотIоца,**
**ГьоцIоца гIадинан, цIалеб буго ракI.**
**РакIалдещвеязул щущарал накIкIал**
**РекIкIал зобалазде руго ракIарун.**

**КIарун белъулаго унеб хьахIаб лъар**
**ХъахIлъараб дир бетIер чурулеб буго,**
**Аллагьасул зобал тIадеги ротрун,**
**Ратула дир нухда кьураби, мугIрул.**

**МагIарул ясалъул лъалкIазда хадур**
**Хачадилел руго рокьул пикраби.**
**Бицунеб рагIула гIищкъудул маргьу,**
**Гьорол кьурди буго КьилимагIарда.**

**МугIруз мугIрухъе кьун дандерижиялъ**
**Дун вачIун вугилан гьечIо бицунеб.**
**Гьедиги дугIаги дандчIвалеб щобда,**
**Щобил милъирщолъун, вуго гIодулев.**

**ГIодобе биччараб дуниялалда**
**Дида кколеб буго ракь багъаранин.**
**Рокьул гьаракь буго дилъ чIаголъулеб,**
**ЧIалгIенги гIицIлъиги буго гьелъ чIвалеб.**

**Гьениб дир бухIараб хIухьелалъ руго**
**ХIасратал рагIаби тIаса рищулел.**
**Бищун дий хирияб авар мацIалда**
**ЦIалула мугIруз кечI дир йокьулелъе.**

*2021.*

* * *

**Сонал унел руго… Ине риччан те,**
**Риччарал бераз дун валагьун вуго**
**Аллагьас хисараб заманаялъухъ,**
**ЗахIматаб хIал бугеб дир ватIаналъухъ.**
**МагIарулал, дица нужей гьарула**
**Гьарураб ракьалде даимаб рокьи,**
**Рикь-рикьарал нухал цолъизаризе,**
**Цо бугеб рахьдал мацI цIуне, дир миллат!**
**ЦIуне гьал мугIрулги, гьал кьурабиги,**
**Кьун буго гьез нилъей намусги яхIги.**
**Росаби гьечIони, гьечIо Дагъистан,**
**ЦIуне, магIарулал, мугIрул росаби.**
**МагIарулав вукIин буго дир талихI,**
**МугIрул хвезе тоге, дир магIарулал.**
**МагIарулал гьечIел мугIрул кIваричIо,**
**МагIарулал цIуне дуца, Бет1ергьан.**

*2022.*

* * *

**Дир рекIелъе чвахулеб**
**Чабхил иццул бацIцIалъи,**
**БацIцIе бадиса магIу,**
**ГIодулеб буго рокьи.**

**Ракьалда дие кьураб**
**Кьер берцинаб кочIол нур,**
**ЧIалгIун вуго бихьизе**
**ТIерхьун араб рекIел бакъ.**

**Гьикъула къисматалда:**
**– Дир йокьулей кий йигей?**
**Къисматалъ жаваб кьола:**
**– ЛахIзатлъун бугин рокьи.**

**Амма гьеб лахIзаталъулъ**
**ТIолабго гIумру бугин,**
**ГIолохъанал соназул**
**Ссунареб канлъи бугин.**

**КигIан заман хутIараб**
**Херлъиялъул – лъаларо,**
**Лъала: дир рокьул заман**
**Заман гьечIеб букIана.**

*2022.*

* * *

**Рокьул гъасда гъаримго,**
**Гъаргъарги бан, вуго дун.**
**Дунялалда танщинал**
**ШигІрабазухъ гІенеккун.**

**ГІекколеб буго керен,**
**Кире арал анищал? –**
**Щалайдукь рахчун руго**
**Рачаралщинал бакъанал.**

**Бакъ щинкІарал щобазда**
**Щибниги канлъи гьечІо,**
**Киналго хиялазда**
**Хасалил гІазу буго.**

**Черхалда херлъиялъул**
**Хабар гІемерлъун буго,**
**ГІолохъанал къасдазул**
**ГъастІа хинлъи чІваларо.**

**ЧІалгІун руго хасалил**
**Хисиго гьечІел сардал,**
**Сабаб батулеб гьечІо,**
**Тун вуго рохалица.**

**Унго, гІолохъанлъилъ**
**ГІумрудуй гьабураб рекІкІ,**
**РакІалдаго гьечІого**
**БачІине тана херлъи.**

**… Хехго тІадеги вахъун,**
**ТІадвугесе как бана,**
**Какизе кьураб гьечІо**
**Гьес гІумрудул цо лахІзат.**

*2022.*

## ГЬЕРЕСИ

**Гьерсил бальголъи гьечІо,**
**Гьеб бахчун хутІуларо.**
**РитІухълъиялъул нухда**
**Гьвелъун хадуб хІапдола.**
**Гьеб гьудуллъун лъугьуна**
**Гьунаргун рагъулезул,**
**Ругьналги рекІеда лъун,**
**Лъутун унел къоязул.**

**Илбисалъул рахъги ккун,**
**Нахъаса бичІулареб,**
**БачІингун ин сурараб**
**Сурат буго гьереси.**
**Бицине ругьунлъани,**
**ЛъугІи жиндие гьечІеб,**
**Жундузул мацІ босараб**
**СагІат буго гьереси.**

**Гьелъ къисматал лъукъула,**
**Рукъ биххизе гьабула,**
**Рохалил лахІзатазул**
**ТалихІ гІадада чІвала.**
**Амма бищун захІматаб**
**ХІал буго инсанасул**
**Улкаялда кинабго**
**Гьерсиде сверарабго.**

**ТІадчагІаз гьерсал рицун,**
**Ресги къотІун буго халкъ,**
**Халикъасул тушманалъ**
**Ханлъи буго гьабулеб.**
**Гьерсилаб улкаялда**
**Гьерсилаб гІумру буго,**
**ГІадамал кьижун руго,**
**Макьу – гьереси буго.**

*2021.*

## ЛЪИМАДУЛ ГЪАРИ

Дий кинидахъкечI ахIе
Авар мацIалъ, гIадамал,
МагIарухъ гьавурав дир
МагIарулав вахъине.
МагIардаса магIарде
Гьелчезе гьабе гьулак,
Гьудулгун гьоболасда
Дун чIаго вугев лъазе.

Лъарал чвахизе ккани,
Чабхил ицц къваригIуна,
ГIоралги къуватлъула
Лъарал тIаде журайдал.
КинидахъкечI – кочIол ицц,
Эбелалъул рахь гIадаб,
Рахьдал мацIалъул гьаракь
Кье дие, магIарулал.

Вуще дун кинидахъ,
Кинидахъ чIалгIун вуго,
Кинабго магIарухълъи
Бахъа дий кечI ахIизе.

ХIинкъун вуго ракьалда
Гьелъул гьаракь лъугIилин,
МагIаруллъи тIагIараб
МагIарухъ бакI хутIилин.

МагIарул кинидахъ
МагIарул лъимерги лъун,
КинидахъкечI ахIулеб
АхIула дица заман.
Заназухъ валагьула
Дун росдал хабалазулъ,
МагIарул мацI бицуна
Гьенир кьижун ругеца.

…Бице, кинан хIехьелеб
Кини кIочараб заман,
Киниялда бущине
Лъимер кIочараб заман,
КинидахъкечI ахIизе
Авар мацI гьечIеб заман…
…Лъаларо… Лъимал руго
КинидахъкечI лъаларел.

*2022.*

## МАГIАРУЛ ШАГIИР

Кивениги унге,
Инсул рукъ тоге,
Дур бакI хисулев чи
Ватизе гьечIо,
Дур ракI хисулеб ракI
БукIине гьечIо, –
Гьеб, ватIан хварабго,
Хадуб бичIчIула.

Аллагьасда божа,
Дудаго божа,
Бажаризе ккола
Дурго рукъ цIунун,
Рекъел буго гьениб,
Цо дуда бараб,
Рагъул хабар дуца
КъотIизабула.

ТIубан букIунаро,
Мун гьечIони, халкъ,
ТIувазе рес гьечIо,
Халкъ гьечIони, мун,
Дуца мацI цIвабззде
Бахинабуна,
ЦIар дурго халкъалъе
Хвел гьечIеб тана.

ГIемер бакънал цолъун
Лъугьараб гьеб цIар
ЦIунана, цIунила,
Гьал кьурабаца.
Кьуна дуй даимлъи
МагIарухъ халкъалъ: -
Къарнабазул матIу –
МагIарул шагIир.

* * *

Дир ракIалдещвеязда
РакIалдасан лъала мун,
Бищун хIикматаб кечIлъун,
КочIой кьураб бакъанлъун.
Дир рекIел кIутIиялда
КIочон толаро дур цIар,
ЦIумур гIадин, звангъула
Гьеб жаниб керемалда.
Дида лъала: рокьул мацI
Ракьалъе хIажат буго,
ХIайранай мун йикIиналъ,
ХIасратай мун ятиялъ,
Беразе кунчIи кьолей,
Каранзуй хIухьел кьолей,
Рокьуе рокьи кьолей.
Дир ракIалдещвеязда
РакIалдасан лъала мун,
Рокьул мацIалда хъвараб
МагIарул кечI гIадинан.

*2022.*

## РОКЬУЛ ШАГIИРАЛ

Дие нуж рокьула,
Рокьул шагIирал,
Рокьукълъиялъ жакъа
Щекъер ккун ругел,
Пачаби гIемераб
Пачалихъалда
Пашманаб ватIангун
Харбида ругел.

Херлъулел, хехлъулел,
Хвелалъ рачунел,
Унтарал, щокълъарал,
Щакъи бакъварал,
Бакъул канлъи гьечIел,
ЧIел босзе щвечIел,
ШигIру цIунулаго,
ГIумру лъукъарал.

Дие нуж рокьула,
Рокьул шагIирал,
Рекьарухъабазде
Рокьи цIикIкIарал.

РикIкIада хутIана
Нужер машгьурлъи,
Гьунаралда лъала
ЦохIо пашманлъи.

Дие нуж рокьула,
Рокьул шагIирал,
ГIадамазда гьоркьор
ГIицIго хутIарал,
ВатIаналъул лъимал,
ВатIан биларал,
МацI цIунулел цIваби,
ЦIваби ротарал.

Дие нуж рокьула,
Рокьул шагIирал,
ГIумруялъ даимаб
Ригъ лъазабурал.
Ругъналги рухьун, нуж
РачIунел руго,
Нуж, къураб мехалъги,
Бергьунел руго.

*2022.*

## ХУРЗАЛ

ГIасрабаз, кьерал гьарун,
Кьун рукIана гьал хурзал,
Дол некIсиял сонazда
Мискинлъигун рагъизе.
Ракьул кесек сабаблъун
Цоцаца чIваралщинал,
Щибаб магIарул росулъ
Бицина дуе къиса.

**Гьанже некIсиял хурзал**
**Хун руго дир магIарухъ,**
**Гьезул хабаде къулун,**
**Къварид руго росаби.**

**Хурзал гIадин, хун руго**
**Хасиятги гIамалги,**
**ГIадамазул рагIадаз**
**МагIарухълъи цIун буго.**

*2022.*

* * *

**Дида рагIула гьаракь**
**Ракьалъул нухлулазул:**
**– Хехаб кумек гьабизе**
**КватIизе вукIунгейин.**
**Халкъалдаса тIогейин,**
**ТIогьаздаса унгейин,**
**Унтараб ватIаналъул**
**ТIадчагIигун вагъейин.**

**Дица жаваб гьабула:**
**– Гьаб дунялалъул рокъоб**
**Дун кивего кьуричIин**
**Нужер амруялдаса.**

**Аллагьасе гьабулеб**
**ДугIа буго дир рагIи,**
**ГIадамалги, ватIанги,**
**РитIухълъиги цIунулеб.**

**Амма гIадамаз диде**
**ГIайиб гьабулеб буго,**
**ГIайибал гурел гьезда**
**Дир щибго батуларо.**
**Биччанте… Киданиги**
**Дунго цохIо хутIичIо…**
**ТIад БетIергьанги вуго,**
**РекIелъ ватIанги буго.**

*2022.*

## ЦIАРУБАКI

**ЦIаруе бакI тараб кечI букIана дир,**
**КочIое бакI тараб цIар букIана дир.**
**ЦIарубакI хутIана рокьи гьечIого,**
**Рокьиги хутIана цIарцин течIого.**

**ГIумруялъул нухда дида дандчIвана**
**ЧIандачагIазул бо, чилъи гьечIеб къавм.**
**Чиярлъана сонал, хисана къисмат,**
**Хасел халалъана халкъалъул гъастIа.**

**ЦIар билараб ватIан, ватIан чIвараб халкъ**
**Халикъасде ритIун хутIарал кверал,**
**Каранзул мугIрузда цIорораб гIазу, –**
**ЦIарубакI лъугьана заманаялъул.**

**ЦIаруе бакI тараб кечI хутIана дир,**
**КочIое бакI тараб цIар хутIана дир.**

*2022.*

## ДУГІА

**Огь, БетІергьан Аллагь, Дуца къуват кье**
**Къураб мехалдаги бергьун вукІине.**
**Бегьулеб батани, гьабе дий кумек,**
**Кумекалъе щибго хутІичІеб мехалъ.**

**Дир хирияв Аллагь, дун гІагар гьаве**
**ГІагараб ракьалъул рокьул нухазде.**
**Нухлулал хутІичІеб шагІирлъиялъулъ**
**Шайихлъидул гьаракь къотІизе тоге.**

**МацІги хасиятги хисичІеб ватІан**
**БатІияб рокьигун бокьулаан дий.**
**Ракьалдаса гьанже лъугІулел руго**
**МагІарухълъиялъул гьалдолел гІорал.**

**Миллат мигьлъун буго, халкъ хІинкъун буго,**
**ХІакъикъат цо буго – гьечІо Дагъистан.**
**Гъасда чияр кІалъай рагІулеб буго,**
**МагІарухъ чияр мацІ бицунеб буго.**

**Такрарлъунин абун дугІа холаро –**
**Дуца цІуне, Аллагь, аваразул халкъ.**
**Халикъ рекІелъ вугеб бакІ тІадегІанаб**
**БукІана, букІина гьеб дунялалда.**

**Дуца цІуне, Аллагь, аваразул мацІ,**
**МацІалда гьоцІо хъван, бицине те гьеб.**
**Гьедин гьечІонани, дий гІумру щайзе,**
**ШагІирлъиги щайзе шайихлъи гьечІеб?**

*2022.*

*** * ***

**Лъимаде керен кьун, кини кІикІулей**
**Йиго чІужугІадан, рагІула гьелда**
**ГІадамаз бицунеб цохІого хабар, –**
**Беццула гьез гІумру, цинги какула.**

**Гьелъул лъимер буго малаикзабаз**
**Бакъуде борхулеб, борхатго кколеб.**
**Кин гІумру какилеб, лъимер букІаго? –**
**Киниялде къулун эбел йикІаго?**

* * *

Кир ругел, кир ругел кунчIарал кверал,
Каранде рортарал, рокьул цIа бугел.
ЦIар дир ахIулелъул рухIулел ругел,
РухI бахъулеб мехалъ хвасар гьарулел?

Гьел рокьул нухазда херлъана, гьудул,
Хадур хапдолел гьел хутIана, гьудул…
ГIолохъанлъиялъул гIурччинлъи ихдал
Дур кверал, тIугьдуллъун, рихьула дида.

*2022.*

## С А Б А Б

Дир сабураб ватIан,
Сабаб хъвай дуца
Дунялалда хутIун
Ругел соназе.
Сардазе, къоязе,
РекIел къасдазе,
Къисматалъул къиса
Хъвалел мехазе.

Сабаб хъвай рекIее…
РакI унтичIеб къо
Къоло цоабилеб
Векалъ кьоларо.
Кьалул гуреб хабар
РагIулеб гьечIо,
МагIил дандерижи
Данде бачIуна.

Сабаб хъвай яхIалъе,
РухI хвасар гьабе,
Намус рекIедаса
РикIкIад гьабуге.
РукIкIарал сардазда
Сверулел бацIаз
ТIутIун балеб улка
Гьезухъа бахъе.

Дир сабураб ватIан,
Сабаб хъвай дуца,
Цадахъ босулареб
Сурун бихьизе.
Бихьинчилъиялъул
ЩIвайилаб лахIзат,
ЦIар магIарулазул
ЦIунун букIине.

*2022.*

## КУЛИ

Дида ракIалда буго
НекIсияб росдал кули,
КолотIа гIумру арав
ГIажаибав херав чи,
МугIрул росдал хасият
ХисичIого хутIарав,
ТIаде вачIуневщинав
Щибав гьобол хирияв.

Гьев талихIав вукIана,
РакI рагьун гIумру арав,
ГIурдада кьурдулаго
КьагIи данде рачIунев.
ВорчIами рогьалилъ кьун,
КьилимегIер кIалъалев,
КIалдиб бугеб мацIалда
МагIарул цIумур барав.

Гьесий кули букIана
КIудияб дунияллъун,
Дир магIарул ракьалъул
ГIажаибаб матIулъун.
ГIумруялде батIияб
Рокьи букIана гьесул,
Рокьулаан гIадамал
ГIамал магIарул букIун.

ГьечIо гьанже кулиги,
КолотIа херав чиги,
Хвараб замана буго
МугIрул ракьалде рещтIун.
… Амма, щаяли дида
Щолеб буго ракIалде
РикIкIада бугеб кули,
КолотIа магIарулав.

*2022.*

## Щ О Б А Л

МугIрузул щобазде щун буго рогьел,
Щубил къатIрабазулъ якъут къалъараб.
Ва, къанщун рукIарал бералги рагьун,
Ралагьун руго дихъ нахъойги тIугьдул.

Огь, магIарул щобал, щиб биканиги,
Берцинлъи тIегьарал тIогьал руго нуж.
ТIогьол квацIи гIадин, кодобе кьолеб
Рокьул нур кидаго букIана нужер.

Огь, магIарул щобал, щобил бакъназа
Бакъул къуват кьуна гьинал рекIее.
Гьимулел, релъулел нужехъ валагьун,
Гьунар бохана дир, ракI чIухIана дир.

Росулъа сапаралъ вахъунеб мехалъ,
Хабар нужер рагIун, лъалхъулев вуго.
ЛъагIелалги сверун нахъвуссунелъул,
Салам нужее кьун, тIуркIулев вуго.

Нуж дир гIумруялъул нухлул рагIалда
МагIарухълъиялъул нугIзаллъун руго.
ЛъугIун гьаб гIумругун дун араб мехалъ,
Дандерижи гIадин хутIизе руго.

Гьанже щобил бакъан рагIараб мехалъ,
Щакърахунев вуго, херлъулев вуго.
Хириябщиналъул щобдаги рещтIун,
ШигIрудул хIинчI гIадин, гIодулев вуго.

*2022.*

## К Е ЧI

**ГIодобе рехун дир гIинтIидул тIегьгун,**
**ГIинцин тIамичIого, уней йиго мун…**
**Гордухъ бугин ккана гIолохъанаб их,**
**Ихдалил бакъ гIадаб, къалъараб гьумер.**

**Гьанже гьеб кинабго рикIкIада буго,**
**РукIкIби хутIана дий гIинтIидул тIогьол.**
**ТIогьазде гIазу бан гIумруги буго,**
**ГIемераб мех ана, мун кIочон течIо.**

**Дуца гIинтIидул тIегь босарабани,**
**Росулъго хутIизе бегьулаан дун…**
**Ана дун, ана дун, дунял тиризе,**
**Дунялги батичIо, мунги йилана.**

*2022.*

*** * ***

**Беццав чиясда макьилъ**
**Канлъи бихьулеб буго.**
**Дунялалъул киналго**
**Кьерал кунчIулел руго.**
**ГIинкъав чиясда макьилъ**
**РагIи рагIулеб буго,**
**ГIумруялъул балъголъи**
**ГIинда багъулеб буго.**

**Беццав талихIав вуго,**
**ГIинкъав вохулев вуго,**
**Макьилъ канлъи бихьарав,**
**Макьилъ рагIи рагIарав.**
**МацI лъаларесда макьилъ**
**МацI бицунев вихьула, –**
**Бугелъул къимат гьечIел**
**Къапилаби раккана.**

**Миллаталъул канлъиги,**
**Камилаб рахьдал мацIги,**
**Я бицине лъаларел,**
**Я рагIун рохуларел,**
**Беццал, гIинкъал, мацI лъачIел,**
**РачIун руго гIадамал,**
**МагIарулал ругеблъи**
**Лъималазда кIочарал.**

**Гьездаса беццалго лъикI,**
**РекIел канлъи бихьулел,**
**Гьездаса гIинкълъиго лъикI,**
**ГIумруялъ рагIи кьурал.**
**РагIи абичIого мацI**
**МацI лъаларез бицуна, –**
**Бице, дир гIагараб халкъ,**
**ГIадаллъунищ бугеб мун?**

**2022.**

## ЛЕРМОНТОВ – МАГIАРУЛАВ

**Дун дунго хутIидал дуниялалда**
**ДандчIвана Лермонтов – магIарул шагIир,**
**Щибаб къалъул гIужалъ Дагъистаналда**
**Гъунив гьев ватана, Гьоноде щвана.**

**ГIемер хабар дица бицана гьесий,**
**ГIемер ургъел дица бикьана гьесде…**
**Шайихлъи лъугIана шагIирлъиялъул,**
**Шагьидлъун аниги гьечIо гьев лъалев.**

**Вихьула Лермонтов лебалго щолев,**
**«Ле, магIарулав! -ин диде ахIулев. -**
**АхIмадил МухIамад, мун кватIун ккечIищ**
**Киналго шагIирал данде гьаризе?»**

**Дун Лермонтовасул гьудул вукIана,**
**Гьесги дир гьудуллъи къабул гьабуна,**
**Къарнаби цолъараб гIорхъодаги чIун,**
**ХъахIилал зобазе дугIа гьабуна.**

**Къо къалъулеб гIужалъ Дагъистаналда**
**Гъунире рахана, Гьоноде щвана.**
**Лермонтов - зодосан, дун - ракьалдасан**
**Рокьи данде чIвачIеб нухдасан ана.**

**Дицаги ахIана Лермонтовасде:**
**– Ле, магIарулав! –ин. Гьес жаваб кьуна:**
**МагIарулав вукIин талихIлъун бугин,**
**МагIарухъ ракIги тун арав вугин дун.**

*2022.*

* * *

**Дие дирго къисмат хирияб буго,**
**Херлъиялъул гIанса гIунтIананиги,**
**ГIансидукье къараб букIананиги,**
**БукIинесеб бакIаб батананиги.**

**Дие дирго къисмат хирияб буго,**
**Хисиларо дица гьеб цогидалъухъ.**
**Цо вугев Аллагьас кьураб буго гьеб,**
**Кьурабазгун мугIруз цIунун буго гьеб.**

Дие дирго ватIан хирияб буго,
БатIияб гьеб дие хIажатаб гьечIо:
ХIеж гьениб – АхIулгохI, ГIарафат – Гъуниб.
Аллагь, тIаса лъугьа гьедин абунин.

Дун Дагъистаналъул васлъун вукIана,
РакI унтун ракьалда гIумру гьабурав.
ГIумруги тун индал, гьал мугIрузда тIад
Даим боржанхъулеб букIине те рухI.

Дие дирго къисмат хирияб буго,
Къисматлъун лъугьана дий магIарулал.
МагIарул мацIалъул хIурупал росун,
ХIур бацIцIине биччай дир цIаралдаса.

*2022*

## АХIУД РАХЪАРАЛ КУЧIДУЛ

– АхIмадил МухIамадил
АхIуд рахъарал кучIдул,
Куркьбал нужее кьураб
Ракьги бакIги киб бугеб?
– АхIулгохIтIа хутIараб
БахIарчилъидулъ буго,
РухIги яхIги цIунараб
Борхалъиялда буго.

– Ургъелазул гъугъаяз
Гъунибе балеб горо,
Гирулеб магIу цIорон,
ЦIерлъун лъугьараб гурищ?
– Шамилил ахирисеб
Рагъул гьаракь рагIарал
МагIарул зобал руго
Аллагьасул матIаби.

Гьаниб мугIруз как бала
БетIергьанасе даим,
Дагъистан цIунун буго
Имамасул дугIаялъ.
МагIарухъ тараб ракIги,
Мадинаялда хобги, –
Хвел гьечIо имамасе,
ГIасраби хисаниги.

– АхIуд рахъунел гурел
КучIдул гьечIо гьанже дир,
Иргаялда ахIдола
Гьел дир рекIел магъущас,
Рагъ буго лъазе гьабун
Гьез ватIан бичулезда,
Чучулеб буго ургъел
Ургъел гьечIеб халкъалде.

– Халикъасе хирияб
Халкъ букIана магIарул,
МагIарул мацIги бугеб,
ЦIарги тарихги бугеб.
Тарихалъул талихIлъун
Лъугьана имам Шамиль
Гьесул баракаталъул
Бакъ буго АхIулгохIтIа.

АхIуд рахъарал кучIдуз
КунчIи гьелъул босула.
Росдал гьаракьги рагIун,
МагIарухъе руссуна:

**– Ссун руго гъанситаби,**
**Гъаримлъи буго сверухъ,**
**Урхъараб хабар гьечIо,**
**Халкъ цIунараб мацI гьечIо.**

**… АхIуд рахъарал кучIдуз**
**АхIула магIарухъе,**
**АхIулгохI буго ватIан**
**АхIи балел лахIзатаз.**
**РухIалъе хIажатал гьел**
**Гьаб ракьалда хутIана,**
**ВатIаналъул мацIалда**
**Дунялалда кIалъалел.**

**Дица гьел ракIаризе**
**РекIел кIутIи битIана,**
**КIутIбузда гъаргъарги бан,**
**Гъунир такрар гьаруна.**
**АхIмадил МухIамадил**
**АхIуд рахъарал кучIдул**
**РачIана магIарухъа,**
**Руссина магIарухъе.**

*2022.*

* * *

**ГIолохъанлъиялъул гьаракь рагIула:**
**ГIумру гуккаралъухъ тIаса лъугьайин.**
**ТIаде щолеб херлъи буго кIалъалеб:**
**Хехго бачIунилан ццидахунгейин.**
**Дун тIаса лъугьана, лъугIулеб гIумру**
**ГIолохъанлъиялъулъ хвел гьечIеб буго,**
**Херлъиялдаги дун ццидахунаро**
**ХутIун буго гьелъулъ холареб рокьи.**

*2022.*

* * *

**Дида киданиги кучIдул кIоченчIо,**
**КучIдузда мех-мехалъ дун кIочон тана.**
**Чанги пашманлъана шигIру билидал,**
**ГIумру дий цIунулеб цIва букIана гьеб.**

**КIочон течIо дида дир магIарулал,**
**МагIарухъ магIарул кечI кIочаниги.**
**Чанил сухъмахъазухъ чIалгIараб дир ракI**
**ГIадада кIалъачIо: магIарулалин.**

**ГIасруялъ гIумрудул би цIцIулеб мехалъ,**
**ЦIумазде ахIана кумек гьабейин.**
**Гьезул гьаркьал ругеб рахьдал мацIалда**
**РагIана кочIоца гьабулеб дугIа.**

**КIочон течIо дида Гьонода росу,**
**Инсулги дирги цIар цолъизабураб.**
**Лъида гьикъаниги, гьениб ахIила**
**АхIмадил МухIамад нижер вугилан.**

**Бищунго борхатаб мегӀерлъун буго**
**МагӀарухъ хутӀараб дир КьилимегӀер.**
**Кьалбал руго гьелъул Гьонода росулъ,**
**Гьенив дун гьавуна, гьенив хутӀила.**

*2022.*

## ЭЛЕГИЯ

**Иццул чили дида кинан кӀоченеб,**
**Чияр гуреб, рахьдал мацӀалъ кӀалъалеб.**
**Рохьил рацӀцӀалъуда матӀулъун бугеб,**
**ВатӀаналъул гӀумру дие кунчӀулеб.**

**Кинан кӀочон телеб хӀорил хӀеренлъи,**
**ХӀункъби тӀад сверулеб сихӀкъотӀи бугеб,**
**КъатӀраби гӀарцулаб щуб тӀад рещтӀарал**
**Щобазул берцинлъи щола ракӀалде.**

**Дун росдахъ валагьун вуго рикӀкӀада:**
**КӀкӀуй ххарулеб буго тӀалабаздасан,**
**ТӀаде гьобол вачӀун вугеблъи лъазе**
**ТӀохде вахун вуго гьевгун мадугьал.**

**Цогидаб шагьар-ракь дий хӀажат гьечӀо,**
**БачӀуна макьилъе магӀарул росу.**
**ГӀасруялъ мусрудулъ жемулеб бугеб**
**Жеги гьеб ахӀтӀола: чӀагого бугин.**

**Гьанир кьурабазул хӀанчӀазул бакъназ**
**Бакъулги цӀадалги кучӀдул ахӀула.**
**ХӀикматаб хаслихълъи холеб лахӀзатаз**
**Ахирал къункъраби къваридго уна.**

**ГӀумру унеб буго, инеги буго,**
**Инсухълъи хутӀула дир гьинал рекӀелъ.**
**Гьонода росулъе тӀадруссун щолел**
**Къункърабазда гьоркьоб гьаракь буго дир.**

*2022.*

* * *

**Эбелалъ бачӀараб чӀарал магьида**
**МагӀарул ракьалъул рокьул махӀ буго.**
**Гьеб, МахӀмудил кечӀлъун, ракӀалда буго,**
**РикӀкӀаде анагӀан гӀагарде щола.**

**Магьал раччуларо гьанже руччабаз**
**Риччан тун руго гьел, чуял кинигин…**
**Кинан букIаниги, тIамула цебе**
**ТIадмагIарухъльиги, эбелги, магьги.**

*2022*.

**ХАСАЛИХЪЛЪИЯЛЪУЛ ХIИНЧI**

**Хасалихъльи щведал, щай гIедегIунеб,**
**ГIагараб ватIан тун боржун унеб хIинчI?**
**ХIинкъулеб буго мун хасел щолелъул,**
**Щибаб мугIрул тIогьиб гIазу рещтIиндал.**

**Чияр зобалазе дугIа гьабизе,**
**МагIарухъльиги тун, унеб буго мун.**
**Унго, кинан дуца хIехьезе бугеб**
**ХIалхьи, улка хисун, босулеб бугеб.**

**БакI хисараб мехалъ хисула роржен,**
**Вижараб ракь тедал, хола кIодолъи.**
**Лъимлъун щуб гьекъарал щобалги кIочон,**
**Щиб ракьалде дуца сапар бухьунеб?**

**Киб дуда батилеб талихIаб бусен,**
**Росулъ хутIараб гьеб кIочон танани?**
**Кин дуца рачинел хIикматал бакънал,**
**Рукъги чIунтизе тун, рикIкIаде ани?**

**Дица дуда гIайиб гьабулеб гьечIо,**
**Гьаб дунял къисматгун рекъараб буго:**
**Мун хвезе бегьула чияр ракьалда,**
**Нахъбуссине роржен гьарула дуе!**

*2022.*

*** * ***

**КIиго гьаракь буго рекIел кIутIидул:**
**Цо – дираб, цо – дураб, цадахъ кIалъалеб.**
**КIиго хIухьел буго рокьул рухIалъул,**
**ХIасраталъул цIадулъ цIвалъун лъугьунеб.**

**КIиго ахIи буго хIикматалъ кьураб,**
**Араб чIаголъулеб, чIагояб холеб.**

**Хиялазул хинлъи хвезе гьабулеб,**
**Берцинлъидул сурат соназ бацIцIунеб.**

**СагIатлъун кIетIола кIутIбузда дур цIар,**
**ЦIер гIадин, биине гьабула ургъел.**
**… Ва амма гIумрудул хъахIал расазулъ**
**ХъахIаб рокьул парус буго лъедолеб.**

*2022.*

* * *

**Херай магIарулалъ магIарул росулъ**
**МагIарул мацIалда абуна дида:**
**«Дир вас, мун Аллагьас цIунаги!» -йилан.**

**Гьел рагIаби рагIун гIумру бокьана,**
**Борхалъуде унеб нух гIагарлъана,**
**ГIагараб ракьалде рокьи цIикIкIана.**

**МагIарул руччабаз, нухде унелъул,**
**Гьарурал гьарияз гьарула хвасар,**
**Сапаралда ругел нилъ цIунула гьез.**

**МагIарул руччаби, раччун магьалгун,**
**Рогьалилъ дандчIвалеб букIана заман:**
**«Нух битIаги!» - йилан гьимулаан гьел.**

**Сабурал магIарул херал руччабаз,**
**Росулъа унаго, хадуб ахIана:**
**«Аллагьас цIунаги мун, нижер вас!» -ин.**

**Дида ватIаналъул гьаракь рагIула,**
**Гьонода росдаца абулеб буго:**
**«Дир вас, мун Аллагьас цIунаги!» -йилан.**

*2022.*

* * *

**ЦIорораб хасалил ахирал къоял**
**КъватIазде рортула, цIункIулукIаллъун.**
**РикIкIадасан гьелъухъ балагьунги чIун,**
**Гьимулеб буго их, дун щолеб бугин.**

**Ихалъ анищазул щвантIих бачуна,**
**Щобалги мугIрулги гIурччин гьарула…**
**… Дун дудаса свакан хутIана, хасел,**
**Биччай их рещтIине гьинал рекIелъе.**

* * *

**Жеги дир хаслихълъи бечедго буго,**
**Бежараб чадил махI шигIрабалъ буго.**
**Балъголъи рагьана, канлъи бихьана,**
**Бихьинчилъи, чилъи чода рукIана.**

**Риччанте хутIизе гьаричIел ишал,**
**Гьоркьор хутIиларо дир гьудулзаби.**
**Гьел талихIаб мехалъ вохун вукIина,**
**РакI дир къварилъила, гьел пашманлъидал.**

**ХутIана рикIкIада дир рокьул сонал,**
**РукIкIарал къоязе гьез канлъи кьола.**
**Каранлъ къалъун ругел гьезул чирахъаз**
**Чияр рахъалдаги чиякъ толаро.**

**ЧIалгIен гIемерлъараб мех бачIаниги,**
**ГIумруялде рокьи батIияб буго,**
**ВатIаналъул хинлъи - хиялалъ бугеб,**
**Хиянаталщинал щущазарулеб.**

**Дунго хутIаниги, халкъгун вуго дун,**
**Халикъасул цIаралъ цIвабиги кунчIун.**
**Кинабго ракьалда рагIулеб хIалалъ,**
**Рокьул кечI ахIула магIарул мацIалъ.**

**Дица квешлъиялъул квер босуларо,**
**Бераз берцинлъидул кьерал рищула.**
**Кьола цо нухалда ракьалда гIумру,**
**ГIумруялъги кьола цо нухалда хвел.**

**Дун араб мехалда, аниб хутIила**
**Хвел гьечIеб дир миллат – гьеб буго талихI.**
**Дир ракIлъун букIана халкъги ватIанги, –**
**БетIергьан дидаса тIаса лъугьина!**

*2022.*

* * *

**Шамилил рагъазул ругънал, гъугъаял,**
**Гъуниве щваравго, цIилъулел руго.**
**ЩIидасан рагIула гIумрудул ахIи**
**АхIулгохIтIа дида: Эркенлъийилан.**